

Mas 2026

Chè elèv, fanmi, edikatè, lidè ak manm kominote,

Kòm Chanselye Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYC Public Schools, NYCPS), yon edikatè depi plis pase ven lane ak yon paran NYCPS, Mwen kwè elèv nou yo merite lekòl ki sennesof ak solid onivo akademik. Jodi a, sa vle di tou aprann kòman pou itilize Entelijans Atifisyèl (artificial intelligence, AI) avèk responsablite.

Pou elèv debitan, elèv lekòl primè ak elèv lekòl presegondè nou yo, sa vle di devlope konpetans panse kritik ak alfabetizasyon dijital. Pou elèv lekòl segondè nou yo, sa vle di prepare pou yon mond kote AI deja pran endistri pwofesyonèl ak tout endistri a ann antye. Nan tout laj, li vle di asosye avèk elèv, edikatè, lidè ak fanmi pou asire yo itilize AI ansekirite, li ranfòse aprantisaj elèv epi sipòte men pa ranplase edikatè. AI la a, epi responsablite nou se mete bonjan garanti nan tout sistèm lan, itilize l avèk transparans ak responsablite ak nan yon fason apwopriye dapre laj.

Pou fè travay sa a avanse, nou pibliye gid preliminè sou kòman yo ka itilize AI nan lekòl nou yo. Gid sa a vize mete akèl atant pou pwoteje elèv nou yo, sipòte edikatè ak kenbe fanmi nou yo enfòmè.

Opinyon w konte—tanpri pataje l pandan n ap kontinye travay sa a. Prantan sa a, nou pral devlope oryantasyon sa yo avèk yon gid pratik sou AI ki pi konplè, ke vwa kominote a, tankou vwa pa w, devlope.

Tanpri ale sou schools.nyc.gov/AI pou gade gid preliminè a epi ranpli yon ti sondaj opinyon tou kout. Sondaj la ap rete ouvri pou 45 jou kalandriye jiska 8 me 2026.

Mwen konnen AI souleve nouvo kesyon pou nou tout. Pandan n ap avanse, nou pral kontinye tande, reflechi ak ak fè bonjan ajisteman pandan n ap toujou kenbe sekirite ak aprantisaj elèv kòm priyorite.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan aksè nan sondaj opinyon an, tanpri gade enfòmasyon ki disponib yo sou schools.nyc.gov/AI. Mèsi pou kolaborasyon w avèk nou pou ede elèv nou yo rete ansekirite, aprann ak pwogrese.

Nan kolaborasyon,



Kamar H. Samuels
Chanselye